# Basketbol boyınsha Qaraqalpaqstan saylandı komandası «Universiada-2020» sport jarıslarınıń final basqıshında 1-orındı iyeledi

Usı jıldıń 21-24-dekabr kúnleri aralıǵında Buxara wálayatında «Universiada-2020» sport jarıslarınıń basketbol boyınsha hayal-qızlar saylandı komandaları arasında final jarısları bolıp ótetuǵınlıǵı haqqında xabar bergen edik.

Image not found or type unknown

Final jarıslarına regionallıq basqıshlarda jeńimpaz bolǵan Tashkent, Ferǵana hám Surxandárya wálayatlarınıń saylandı komandaları menen birge Qaraqalpaqstan Respublikası saylandı komandası da qatnastı. Respublikamız saylandı komanda aǵzaları tiykarınan Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı hám Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student qızlarınan ibarat boldı.

Dáslepki oyında Tashkent wálayatı komandasın 71:48 esabında, keyingi oyınlarda bolsa Ferǵana wálayatı komandasın 68:48 hám Surxandárya wálayatı komandasın 77:21 esabında jeńip shıqqan jerleslerimiz «Universiada-2020» final jarıslarınıń jeńimpazı bolıp, 1-orındı qolǵa kirgizdi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi